# PAPER-III
# MAITHILI

**Signature and Name of Invigilator**

1. (Signature) ____________________________

   (Name) ____________________________

2. (Signature) ____________________________

   (Name) ____________________________

OMR Sheet No. : ..............................................

(To be filled by the Candidate)

Roll No. | | | | | | | | |

(In figures as per admission card)

Roll No.____________________________________

(In words)

| D | 1 | 8 | 1 | 2 |
|---|---|---|---|---|

Time : **$2\,^1/_2$** hours] [Maximum Marks : **150**

Number of Pages in this Booklet : **8** Number of Questions in this Booklet : **75**

## Instructions for the Candidates

1. Write your roll number in the space provided on the top of this page.
2. This paper consists of seventy five multiple-choice type of questions.
3. At the commencement of examination, the question booklet will be given to you. In the first 5 minutes, you are requested to open the booklet and compulsorily examine it as below :
   (i) To have access to the Question Booklet, tear off the paper seal on the edge of this cover page. Do not accept a booklet without sticker-seal and do not accept an open booklet.
   (ii) **Tally the number of pages and number of questions in the booklet with the information printed on the cover page. Faulty booklets due to pages/questions missing or duplicate or not in serial order or any other discrepancy should be got replaced immediately by a correct booklet from the invigilator within the period of 5 minutes. Afterwards, neither the Question Booklet will be replaced nor any extra time will be given.**
   (iii) After this verification is over, the OMR Sheet Number should be entered on this Test Booklet.
4. Each item has four alternative responses marked (A), (B), (C) and (D). You have to darken the circle as indicated below on the correct response against each item.
   **Example :** (A) (B) ● (D)
   where (C) is the correct response.
5. Your responses to the items are to be indicated in the **OMR Sheet given inside the Booklet only.** If you mark at any place other than in the circle in the OMR Sheet, it will not be evaluated.
6. Read instructions given inside carefully.
7. Rough Work is to be done in the end of this booklet.
8. If you write your Name, Roll Number, Phone Number or put any mark on any part of the OMR Sheet, except for the space allotted for the relevant entries, which may disclose your identity, or use abusive language or employ any other unfair means, you will render yourself liable to disqualification.
9. You have to return the test question booklet and Original OMR Sheet to the invigilators at the end of the examination compulsorily and must not carry it with you outside the Examination Hall. You are, however, allowed to carry duplicate copy of OMR Sheet on conclusion of examination.
10. **Use only Blue/Black Ball point pen.**
11. **Use of any calculator or log table etc., is prohibited.**
12. **There is no negative marks for incorrect answers.**

## परीक्षार्थियों के लिए निर्देश

1. पहले पृष्ठ के ऊपर नियत स्थान पर अपना रोल नम्बर लिखिए ।
2. इस प्रश्न-पत्र में पचहत्तर बहुविकल्पीय प्रश्न हैं ।
3. परीक्षा प्रारम्भ होने पर, प्रश्न-पुस्तिका आपको दे दी जायेगी । पहले पाँच मिनट आपको प्रश्न-पुस्तिका खोलने तथा उसकी निम्नलिखित जाँच के लिए दिये जायेंगे, जिसकी जाँच आपको अवश्य करनी है :
   (i) प्रश्न-पुस्तिका खोलने के लिए उसके कवर पेज पर लगी कागज की सील को फाड़ लें । खुली हुई या बिना स्टीकर-सील की पुस्तिका स्वीकार न करें ।
   (ii) **कवर पृष्ठ पर छपे निर्देशानुसार प्रश्न-पुस्तिका के पृष्ठ तथा प्रश्नों की संख्या को अच्छी तरह चैक कर लें कि ये पूरे हैं । दोषपूर्ण पुस्तिका जिनमें पृष्ठ/प्रश्न कम हों या दुबारा आ गये हों या सीरियल में न हों अर्थात् किसी भी प्रकार की त्रुटिपूर्ण पुस्तिका स्वीकार न करें तथा उसी समय उसे लौटाकर उसके स्थान पर दूसरी सही प्रश्न-पुस्तिका ले लें । इसके लिए आपको पाँच मिनट दिये जायेंगे । उसके बाद न तो आपकी प्रश्न-पुस्तिका वापस ली जायेगी और न ही आपको अतिरिक्त समय दिया जायेगा ।**
   (iii) इस जाँच के बाद OMR पत्रक की क्रम संख्या इस प्रश्न-पुस्तिका पर अंकित कर दें ।
4. प्रत्येक प्रश्न के लिए चार उत्तर विकल्प (A), (B), (C) तथा (D) दिये गये हैं । आपको सही उत्तर के वृत्त को पेन से भरकर काला करना है जैसा कि नीचे दिखाया गया है ।
   **उदाहरण :** (A) (B) ● (D)
   जबकि (C) सही उत्तर है ।
5. प्रश्नों के उत्तर **केवल प्रश्न पुस्तिका के अन्दर दिये गये OMR पत्रक पर ही** अंकित करने हैं । यदि आप OMR पत्रक पर दिये गये वृत्त के अलावा किसी अन्य स्थान पर उत्तर चिह्नांकित करते हैं, तो उसका मूल्यांकन नहीं होगा ।
6. अन्दर दिये गये निर्देशों को ध्यानपूर्वक पढ़ें ।
7. कच्चा काम (Rough Work) इस पुस्तिका के अन्तिम पृष्ठ पर करें ।
8. यदि आप OMR पत्रक पर नियत स्थान के अलावा अपना नाम, रोल नम्बर, फोन नम्बर या कोई भी ऐसा चिह्न जिससे आपकी पहचान हो सके, अंकित करते हैं अथवा अभद्र भाषा का प्रयोग करते हैं, या कोई अन्य अनुचित साधन का प्रयोग करते हैं, तो परीक्षा के लिये अयोग्य घोषित किये जा सकते हैं ।
9. आपको परीक्षा समाप्त होने पर प्रश्न-पुस्तिका एवं मूल OMR पत्रक निरीक्षक महोदय को लौटाना आवश्यक है और परीक्षा समाप्ति के बाद उसे अपने साथ परीक्षा भवन से बाहर न लेकर जायें । हालांकि आप परीक्षा समाप्ति पर OMR पत्रक की डुप्लीकेट प्रति अपने साथ ले जा सकते हैं ।
10. **केवल नीले/काले बाल प्वाईंट पेन का ही इस्तेमाल करें ।**
11. **किसी भी प्रकार का संगणक (कैलकुलेटर) या लाग टेबल आदि का प्रयोग वर्जित है ।**
12. **गलत उत्तरों के लिए कोई अंक काटे नहीं जाएँगे ।**

## मैथिली

### प्रश्नपत्र – III

**नोट :** एहि प्रश्नपत्रमे **पचहत्तरि** (75) बहु-विकल्पीय प्रश्न अछि । प्रत्येक प्रश्नक हेतु **दू** (2) अंक अछि । **सभ** प्रश्न अनिवार्य अछि ।

**1.** 'मिथिलाभाषा रामायण' मे सीताराम-विवाहक वर्णन भेल अछि –
(A) बालकाण्डमे
(B) अयोध्याकाण्डमे
(C) सुन्दरकाण्डमे
(D) उत्तरकाण्डमे

**2.** लालदासकृत रामायणक नाम अछि –
(A) रमेश्वरचरित रामायण
(B) रामेश्वरचरित मैथिली रामायण
(C) रमेश्वरचरित मिथिला रामायण
(D) रमेश्वरचरित मिथिलाभाषा रामायण

**3.** 'भाषा सौन्दर्यक गति न आन' कहने छथि –
(A) तन्त्रनाथ झा
(B) बदरीनाथ झा
(C) दीनानाथ पाठक 'बन्धु'
(D) नरेन्द्रनाथ दास

**4.** 'सुभद्रा-हरण' क रचयिता छथि –
(A) रघुनन्दन दास
(B) वैद्यनाथ मल्लिक 'विधु'
(C) सीताराम झा
(D) जीवनाथ झा

**5.** सीताक चरित्र-चित्रण भेल अछि –
(A) अगस्त्यायनीमे
(B) अम्बचरितमे
(C) पाञ्चाली-परिणयमे
(D) सुभद्रा-हरणमे

**6.** 'रवि सम दीप्त अनल सम दाहक
पवि सम कठिन कठोर' – कहल गेल अछि –
(A) सुभद्रा-हरणमे
(B) चाणक्यमे
(C) एकावली-परिणयमे
(D) कृष्णचरितमे

**7.** श्रीकृष्ण शिक्षा-ग्रहण कयलनि –
(A) विश्वामित्रक आश्रममे
(B) वशिष्ठक आश्रममे
(C) सन्दीपनिक आश्रममे
(D) अगस्त्यक आश्रममे

**8.** दामोदर लालदास रचित 'शकुन्तला' थिक –
(A) महाकाव्य
(B) खण्डकाव्य
(C) मुक्तककाव्य
(D) कथाकाव्य

**9.** भारती शास्त्रार्थमे पराजित कयलनि –
(A) उदयनाचार्यकें
(B) शंकराचार्यकें
(C) मंडन मिश्रकें
(D) विवेकानन्दकें

**10.** शचीकें परामर्श देलनि –
(A) लक्ष्मी
(B) काली
(C) सरस्वती
(D) दुर्गा

**11.** 'उत्तरा' में द्रौपदीक गुप्त नाम अछि –
(A) सुलक्षणा
(B) विचक्षणा
(C) विभ्रमलेखा
(D) सैरन्ध्री

**12.** 'उत्सर्ग' खण्डकाव्यक रचयिता छथि –
(A) मथुरानन्द चौधरी 'माथुर'
(B) लक्ष्मण झा
(C) प्रदीप मैथिलीपुत्र
(D) उषा किरण खान

13. एकलव्य दक्षिणास्वरूप प्रदान कयलनि –
(A) अंगुष्ठा
(B) तर्जनी
(C) मध्यमा
(D) अनामिका

14. 'नोर' क प्रकाशक अछि –
(A) साहित्य अकादेमी
(B) चेतना समिति
(C) मैथिली अकादमी
(D) नेशनल बुक ट्रस्ट

15. 'अछि सलाइमे आगि बरत की बिना रगड़ने' लिखने छथि –
(A) भीमनाथ झा
(B) सीताराम झा
(C) चन्द्रनाथ मिश्र 'अमर'
(D) यात्री

16. 'शतदल' कृति थिकनि –
(A) काशीकान्त मिश्र 'मधुप'क
(B) आरसी प्रसाद सिंहक
(C) छेदी झा 'द्विजवर'क
(D) भुवनेश्वर सिंह 'भुवन'क

17. 'श्मशान' शीर्षक कविता संगृहीत अछि –
(A) अन्तर्नादमे
(B) कथा-यूथिकामे
(C) प्रतिपदामे
(D) अंकावलीमे

18. 'यात्री'क कृति 'परम-सत्य'मे महिमा बखान कयल गेल अछि –
(A) राजनेताक
(B) राजा महाराजाक
(C) श्रमशील मानवक
(D) देवी-देवताक

19. 'माङि रहल छी प्रथम आइ हम
अपन मातृजन – वाणी' – लेल गेल अछि –
(A) माटिक दीपसँ
(B) सूर्यमुखीसँ
(C) पूजाकफूलसँ
(D) मेघदूतसँ

20. चन्द्रनाथ मिश्र 'अमर' काव्यमे प्रसिद्ध छथि –
(A) वीर रसक हेतु
(B) शृंगार रसक हेतु
(C) हास्य रसक हेतु
(D) अद्‌भुत रसक हेतु ।

21. 'तकैत अछि चिड़ै' मे अछि –
(A) पारम्परिक कविता
(B) हास्यमूलक कविता
(C) नवीन भावबोधक कविता
(D) प्रकृति-चित्रणक कविता

22. 'भावाञ्जलि' मे कविता संगृहीत अछि –
(A) प्रशस्तिमूलक
(B) भक्तिमूलक
(C) प्रकृतिमूलक
(D) राष्ट्रमूलक

23. मल्लवंशीय मैथिली नाटककार छथि –
(A) असममे
(B) ओडिशामे
(C) नेपालमे
(D) बंगालमे

24. 'अंकीया नाट' लिखने छथि –
(A) रामदास
(B) जगत्प्रकाश मल्ल
(C) हर्षनाथ झा
(D) शंकर देव

25. ‘अरुण पुरुब दिसि बहलिसगर निसि
गगन मलिन भेल चन्दा’ – लिखने छथि –
(A) नन्दीपति
(B) उमापति
(C) रमापति
(D) हर्षपति

26. ‘पहिल साँझ’ नाटक अछि –
(A) सामाजिक
(B) धार्मिक
(C) ऐतिहासिक
(D) पौराणिक

27. ‘पसिझैत पाथर’ अछि –
(A) उपन्यास
(B) नाटक
(C) कथा
(D) संस्मरण

28. ‘नचिकेता’ नामसँ प्रसिद्ध छथि –
(A) चन्द्रभानु सिंह
(B) माहेश्वरी सिंह
(C) उदय नारायण सिंह
(D) राम नरेश सिंह

29. महेन्द्र मलंगियाक रचना अछि –
(A) मनोरथ
(B) अन्तिम प्रणाम
(C) नायकक नाम जीवन
(D) छुतहा घैल

30. ‘बुच्ची दाइ’ पात्र छथि –
(A) मधुश्रावणी मे
(B) पुनर्विवाहमे
(C) कन्यादानमे
(D) निर्दयीसासुमे

31. ‘इन्दु-जेसिका’क उल्लेख अछि –
(A) दू पत्रमे
(B) कुमारमे
(C) भलमानुसमे
(D) कलामे

32. व्रजकिशोर वर्मा ‘मणिपद्म’क उपन्यासमे तन्त्रक उल्लेख अछि –
(A) विद्यापतिमे
(B) अर्धनारीश्वरमे
(C) फुटपाथमे
(D) राय रणपालमे

33. ‘आन्दोलन’क रचयिता छथि –
(A) रमानन्द रेणु
(B) सोमदेव
(C) राजकमल चौधरी
(D) मायानन्द मिश्र

34. ‘मरीचिका’ प्रकाशित अछि –
(A) एक भागमे
(B) दू भागमे
(C) तीन भागमे
(D) चारि भागमे

35. प्रभास कुमार चौधरीक उपन्यासक संख्या अछि –
(A) दू
(B) तीन
(C) चारि
(D) पाँच

36. “साठि वर्षक बूढ़ की जनताह जे साठि दिनक विरह की होइत छैक” – ई पंक्ति अछि
(A) ग्रामसेविकामे
(B) तिरहुताममे
(C) पाँच-पत्रमे
(D) रेलक अनुभवमे

37. व्रजकिशोर वर्मा ‘मणिपद्म’क कथा अछि –
(A) बालगोविन
(B) पिता
(C) गाड़ीक पहिआ
(D) अलङ्कार-शिक्षा

38. ‘प्रतिनिधि’ अछि –
(A) समीक्षा संग्रह
(B) कविता संग्रह
(C) कथा संग्रह
(D) निबंध संग्रह

**39.** 'साँझक गाछ' कथा थिक –
(A) आत्मकथात्मक
(B) निबन्धात्मक
(C) पत्रात्मक
(D) उपदेशात्मक

**40.** 'चन्द्रबिन्दु' कथामे चन्द्रबिन्दु प्रतीक अछि –
(A) पतिक
(B) पत्नीक
(C) पुत्रक
(D) पिताक

**41.** 'कचोट'क कथाकार थिकाह –
(A) मायानन्द मिश्र
(B) रमानन्द रेणु
(C) नीरजा रेणु
(D) राजमोहन झा

**42.** प्रभास कुमार चौधरीक पुरस्कृत कथा संग्रह अछि –
(A) प्रभासक कथा
(B) कथा प्रभासक
(C) दिदवल
(D) नव घर उठय पुरान घर खसय

**43.** 'घरदेखिया'क मूल विषय अछि –
(A) धनक निरीक्षण
(B) घरक निरीक्षण
(C) कन्याक निरीक्षण
(D) वरक निरीक्षण

**44.** रमानाथ झा छथि –
(A) समालोचक
(B) कथाकार
(C) कवि
(D) उपन्यासकार

**45.** 'नाट्यान्वाचय' थिक –
(A) नाटक
(B) समीक्षा
(C) उपन्यास
(D) कथा

**46.** निबन्धकार छथि –
(A) नन्दनन्दन झा
(B) नागेन्द्र नारायण झा
(C) कुलधारी सिंह
(D) देवेन्द्र झा

**47.** रमानन्द झा 'रमण'क कृति छनि –
(A) अनुशीलन-अवबोध
(B) परिवह
(C) भजारल
(D) समीक्षालोक

**48.** "पाताल अइसन दु:प्रवेश । स्त्रीक चरित्र अइसन दुर्लक्ष्य । कालिन्दीक कल्लोल अइसन मांसल ।" – में वर्णन अछि –
(A) अन्धकारक
(B) प्रकाशक
(C) वर्षाक
(D) ग्रीष्मक

**49.** 'नातिक पत्रक उत्तर' में पत्र सम्बोधित कयल गेल अछि –
(A) शुभंकरकेँ
(B) दिवाकरकेँ
(C) प्रभाकरकेँ
(D) शंकरकेँ

**50.** 'कोन महल नाम राखबै एकर' रचना थिकनि –
(A) मणिपद्मजीक
(B) किरणजीक
(C) किसुनजीक
(D) गोपेशजीक

**51.** 'कीर्त्तनिञाँ'केँ नाटक कहने छथि –
(A) रमानाथ झा
(B) बलदेव मिश्र
(C) जयकान्त मिश्र
(D) दुर्गानाथ झा'श्रीश'

52. 'मैथिली उपन्यासक आलोचनात्मक अध्ययन' लिखने छथि –
(A) अमरेश पाठक
(B) प्रबोध नारायण सिंह
(C) अणिमा सिंह
(D) विश्वेश्वर मिश्र

53. 'मिथिला मोद'क प्रकाशन भेल
(A) जयपुरसँ
(B) काशीसँ
(C) प्रयागसँ
(D) अलीगढ़सँ

54. पटनासँ मिथिला मिहिरक प्रकाशन आरम्भ भेल
(A) 1957 सँ
(B) 1958 सँ
(C) 1959 सँ
(D) 1960 सँ

55. नव कलेवरमे प्रकाशित 'मिथिला दर्शन'क सम्पादक छशि –
(A) प्रबोध नारायण सिंह
(B) बाबू साहेब चौधरी
(C) उदय नारायण सिंह 'नचिकेता'
(D) किशोरीकान्त मिश्र

56. दिल्लीसँ प्रकाशित होइत अछि –
(A) गाम-घर
(B) अन्तिका
(C) घर-बाहर
(D) देश-काल

57. 'उचिती' गाओल जाइत अछि –
(A) समधिक भोजनकालमे
(B) वरक विदाकालमे
(C) गौरी-पूजाकालमे
(D) द्विरागमनकालमे

58. 'लोकगाथा-विवेचन'क लेखक छथि –
(A) रघुनाथ मुखिया
(B) राजेश्वर झा
(C) महेन्द्र नारायण राम
(D) फूलो पासवान

59. 'शिशुगीत'क संकलयिता छथि –
(A) बालगोविन्द झा'व्यथित'
(B) सीता मिश्र
(C) सुनीति झा
(D) प्रफुल्ल कुमार सिंह 'मौन'

60. 'झिझिया' थिक –
(A) लोकनाट्य
(B) लोकगीत
(C) लोककथा
(D) लोकगाथा

61. विद्यापतिक आयुक अवसान भेलनि –
(A) साओनमे (B) भादवमे
(C) आसिनमे (D) कार्त्तिकमे

62. 'सुअण पसंसइ कब्ब मझु
दुज्जन बोलइ मन्द'
उल्लिखित अछि –
(A) कीर्त्तिपताकामे
(B) पुरुष-परीक्षामे
(C) कीर्त्तिलतामे
(D) लिखनावलीमे

63. 'लखिमा' छलीह –
(A) शिवसिंहक पत्नी
(B) विद्यापतिक पत्नी
(C) कीर्तिसिंहक पत्नी
(D) देवसिंहक पत्नी

64. "आजु नाथ एक व्रत महासुख लागत है" – एहि गीतमे महादेवकैँ सोच होइत छनि –
(A) एक प्रकारक
(B) दू प्रकारक
(C) तीन प्रकारक
(D) चारि प्रकारक

65. "ससन परस खसु अम्बर रे देखल धनि देह" – मे अछि –
(A) पूर्वराग (B) विरह
(C) मिलन (D) मान

**66.** 'महेसबानी' कहबैत अछि –
(A) शिव-परिवार-वर्णन विषयक गीत
(B) आत्मनिवेदनपरक गीत
(C) शिव-कोपविषयक गीत
(D) शिव-गणपति-वात्सल्यविषयक गीत

**67.** विद्यापतिक व्यापक प्रभाव पड़ल –
(A) उत्तरांचलमे
(B) पूर्वांचलमे
(C) दक्षिणांचलमे
(D) पश्चिमांचलमे

**68.** 'कवीश्वर'क उपाधि छनि –
(A) सीताराम झाक
(B) बदरीनाथ झाक
(C) चन्दा झाक
(D) उमापतिक

**69.** चन्दा झाक कृति थिकनि
(A) लक्ष्मीश्वर-विलास
(B) सावित्री-सत्यवान
(C) सीता-स्वयंवर
(D) जानकी रामायण

**70.** 'चन्द्ररचनावली'क सम्पादक छथि –
(A) परमेश्वर झा
(B) विश्वेश्वर मिश्र
(C) जयकान्त मिश्र
(D) भोलालाल दास

**निर्देश** : निम्नलिखित गदयांशकेँ ध्यानपूर्वक पढ़ि ओहिसँ सम्बद्ध प्रश्नावली (प्रश्न संख्या **71** सँ **75**) क उत्तरक हेतु देल गेल बहुविकल्पसँ सही विकल्पक चयन करू :

कलापक्षक दृष्टिएँ रेडियो रूपकमे आंगिक अभिनय, दृश्यविधान, नृत्य, वेशभूषा आदिक स्थान नहि रहैछ । एकर बदला पार्श्वसंगीतसँ वातावरणक सृष्टि कयल जाइछ । स्वरेसँ दृश्यक कल्पना करय पड़ैछ । मैथिलीमे एकांकीक विकासकेँ सय वर्ष पुरबामे यदयपि बहुत कसरि छैक, तथापि ई विधा बड़ समृद्ध भड गेल अछि । एहि बीच दुनू प्रकारक एकांकी लिखल गेल-मंचोपयुक्त एवं रेडियोरूपक । मंचोपयुक्त सेहो दू रूपक – ग्राम्यमंच लेल तथा नगरीयमंच लेल । किछु लोकप्रिय कथाक एकांकीकरण सेहो भेल । किछु मंचोपयुक्त एकांकीक रेडियोकरण कयलगेल तँ किछु रेडियोरूपककेँ मंचोपयुक्त बनाओल गेल । आधुनिक कालक अनेक प्रसिद्ध लेखक एकांकीक रचना कयने छथि । एकांकी लिखल जाइछ यदयपि मंचन लेल, बजबा लेल, किन्तु जाइततँ अछि ई लिखले । सभ लिखल वस्तु साहित्य नहि भड सकैछ । ताहूमे 'बजबा'क हेतु जे 'लिखल' गेल हो, ताहिमे साहित्यहीनताक खतरा आर बढ़ि जाइछ । कतोक एकांकी खेलयबाक दृष्टिएँतँ नीक अछि, किन्तु साहित्य ओहिमे बड़ कम रहैछ । सफल एकांकी ओकरे कहल जा सकैछ जाहिमे भाव आ कला दुहू पक्ष सुसंगत रहैक । भावपक्ष एकांकीक सैद्धान्तिक पक्ष थिक तथा कलापक्ष ओकर व्यावहारिक पक्ष ।

**71.** एकांकी लिखल गेल अछि :
(A) मंचोपयुक्त
(B) अनुपयुक्त
(C) उपयुक्त
(D) लोकोपयुक्त

**72.** कथाक भेल अछि :
(A) विषयानुकरण
(B) मानवीकरण
(C) अनेकांकीकरण
(D) एकांकीकरण

**73.** एकांकी लिखल जाइछ:
(A) दृश्यक लेल
(B) मंचनक लेल
(C) अभिनयक लेल
(D) अवलोकनक लेल

**74.** सभ लिखल वस्तु नहि भड सकैछ :
(A) साहित्य
(B) संगीत
(C) पत्र
(D) दस्तावेज

**75.** एकांकीक सैद्धान्तिक पक्ष थिक :
(A) कलापक्ष
(B) भावपक्ष
(C) व्यावहारिक पक्ष
(D) सामाजिक पक्ष

**Space For Rough Work**